Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 8 (6469) 8 февраль 2016 с. Итни РабигIул ахир 1437 с. Багьа 5 гъур.



ЦЕРЕТIЕЯЛЪУЛ НУХДА

## Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас Гумбет районалъул цебетIеялъе лъикIаб къимат кьуна

### 2016 соналъул лъабабилеб февралалда Рамазан ГIабдулатIипов дандчIвана Гумбет районалъул нухмалъулев МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун

**3 февралалда Дагъистан Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас тIаде къабул гьавуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев. ДандчIваялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул вице – премьерал ХIасан Идрисов, Раюдин Юсупов, Билал ГIумаров, мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул бетIерасул вакил МухIамадхIажи ЗайнулгIабидов, Дагъистаналъул бетIерасул Администрациялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель Алексей ХIасанов, ДРялъул бетIерасул Администрациялъул ва хIукуматалъул пресс-хъулухъалъул ва информациялъул управлениялъул нухмалъулей Тамара Чинённая, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал СайгидахIмад АхIмадов, НурмухIамад ГIалиев, Сергей Акулиничев.**

МухIамадгIалиевасулгун дандчIваялда Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас абуна цебетIеялъе санагIатал шартIал гьечIеб район букIаниги, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал СайгидахIмад АхIмадовасул ва НурмухIамад ГIалиевасул кумекалдалъун, Гумбеталда лъикIалан хIалтIи гьабун бугилан. Район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул про-



грамма ва Дагъистан Республика цебетIеялъул приоритетниял проектал гIумруялде рахъинариялъе план хIадурун буго. Араб соналъ районалъул магIишатаз 550 гектаралда рекьана хаслихъе культураби, хIисабалде босун буго 664 гектаралда рекьизе. Соналдаса соналде цIикIкIунеб буго пихъил ва овощазул бачIин. ЦебетIун буго гIи-боцIухъанлъи.

2015 соналъ бакIалъул бюджеталде бачIана 47,6 млн. гъурущ, яги план тIубан буго 105,6 проценталъ.

Районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас абуна: «АПК цебетIезабиялъе 20 млн. гъурущ биччалеб буго. 10 гектаралда ахал чIезе хIисабалде босун буго. Туризм цебетIеялъе гьалбадерил рукъзал хIадурулел, гьаб соналъ футбол хIалеб 12 гьитIинаб байдан гьабулеб буго. ХIалтIулеб буго пагьму - гьунар бугел лъималазул интернат. Школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазе лъайкьолеб учреждениязда 150 бакI рагьана.

Араб соналъ хIалтIизабизе кьуна 200 хIайван хьихьулеб ферма, исана цоги базеги хIисабалде босун буго».

МухIамадгIали МухIамадгIалиевас Рамазан ГIабдулатIиповасухъе кьуна газ бикьулеб станциялдаса МелъелтIа росулъе 1,5 км.манзилалда газалъул рогIрал лъезе кумек гьабеян бакIалдаса чияс битIараб видео-суал. Республикаялъул бетIерас, гьеб хитIабги къабул гьабун, жавабиял гIадамазда тIадкъана гьеб суалалъул халгьабеян.

**«Гумбет» РИО**

ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ

## ВатIан гьитIинасе, гьунар тIокIасе ТIолго улкабазул баркала щвана

**4 февралалда Гумбет районалда тIобитIана Северияб Кавказалъул имам, шайих Шамил ракIалде щвеялъул мажлис. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулезул, Дагъистаналъул бусурбабазул Духовнияб управлениялъул вакилзабаз.**

Имам Шамил ракIалде щвеялъул мажлисалъул гIахьалчагIазда баркиялъулаб кIалъай гьабуна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас.** Тадбир бачана районалъул имамзабазул советалъул нухмалъулев, гIалим **ГIабдулагь-хIажи Закарикаевас.**

Имам Шамилил гIумруялъул ва Кавказалъул халкъазда цадахъ эркен гьариялъул къеркьеялъулъ бакълъулазул гIахьаллъиялъул бицана Дагъистаналъул бусурбабазул Духовнияб управлениялъул

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**




НОМЕРАЛДА РУГО:



Херал магIарулал, нужер цо рагIи…

-2 гьум.



ЕГЭ ва цIалул программа

-3 гьум.



Рагъухъаби-интернационалистазул къоялде

-3 стр.



ТIехь – махлукъат рагъулеб хIикмат

-4 гьум.

ХАНЗАБАЗУЛГИ ХАН ХЪАХIАВ ХАН ВУГО

# Херал магIарулал, нужер цо рагIи...

### ХIалхьараб херлъи букIинабиялъе гIоло

**Гумбет районалъул Аргъвани росулъ 1955 соналъ гьавуна ТIалхIат Жамалудинов. МугIалимазул хъизаналда гIурав ва тарбия щварав ТIалхIатица тIаса бищана гьебго махщел. Аргъвани гьоркьохъеб школа лъугIун хадув цIализе ана Дагъпединститутталде. 1977 соналда институтги лъугIизабун гIагараб росулъе тIадвуссана. 7 соналъ хIалтIана ЦIияб Аргъвани школалъул завучлъун, хадув 18 соналъ школалъул директорлъун. Гьоркьохъеб школа-лъималазул ах букIана гьес нухмалъи гьабулеб лъай ва тарбия кьеялъул идара. ХIалтIулъ тIадегIанал хIасилалги росун республикаялда тIоцебесеб бакI ккеялъе гIоло школа – лъималазул ах мустахIикъльана партиялъул централияб комитеталъул ва ВЦСПСалъул ХIурматалъул грамотаялъе. Жамалудиновасе кьуна Дагъистаналъул мустахIикъав учитель абураб цIар.**

2001 соналъ рагьана Россиялъул Пенсионнияб фондалъул Гумбеталда бугеб отдел. Гьелдаса нахъе Жамалудиновас бажарун нухмалъи гьабулеб буго жив хIалтIула вугеб идараялъе.

Хадурккунги щвана ТIалхIатие шапакъатал. 2005 соналъ кьуна «Россиялъул Федерациялъул пенсиялъул фондалъул отличник» абураб гIаламат. 2011 соналъ щвана пенсиялъул фонд цебетIеялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъе гIоло Россиялъул ПФалъул ХIурматалъул грамота. 2015 соналъул декабралда 25 сон тIубана Россиялъул пенсионнияб фонд гIуцIаралдаса. Гьелда хурхун РФялъул пенсиялъул фондалъул Гумбеталъул отделалъул нухмалъулесе кьуна «Россиялъул Федерациялъул пенсиялъул фондалъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб каранда балеб гIаламат. Дагъистаналдаго лъабгояз гурони щвечIеб цIар буго гьеб.

Пенсиялъул фондалъул Гумбеталъул отделалъул нухмалъулесе ва хIалтIухъабазе хадурккунги хIалтIулъ бергьенлъабиги ва жеги тIадегIанал шапакъатал щвайгиян гьарарахьиги гьабулаго, «Гумбет» газеталъул хIалтIухъанаЛъ ТIалхIат Жамалудиновасда гьарана 2016 соналъ рукIине ругел хиса-басиязул хIакъалъулъ бицеян.

- 2016 соналъул 1 февралалдаса 4 проценталъ цIикIкIана хIалтIуда гьечIезе страховияб пенсия. Россиялъул Федерациялда гьоркьохъеб хIисабалда страховияб пенсиялъул къадар 13132 гъурущалде бахана.

Хъихьизе чи гьечIого хутIаразе ва инвалидазе кьола пачалихъияб пенсия. ТIоцебесеб апрелалда цIикIкIине буго гьединазе пенсия. Гьел хIалтIуда ругел – гьечIел хIисабалде босизе гьечIо. Гьоркьохъеб хIисабалда гьеб песиялъул къадар 8562 гъурущ букIине буго. Рес рекъани индексация хадубккунги гьабизе бугиланги абулеб буго.

1 февралалдаса 7 % цIикIкIана щибаб моцIие кьолеб гIарцулаб выплата, ЕДВ абула гьелде.

2016 соналъул январалдаса моцIрое кьолеб бищун гIодобегIанаб хIалтIухъ мухь бахана 6204 гъурущалде. Январалъул пенсияда тIадеги гIарац бачIана. 7900 гъурущалдаса дагь букIине гьечIо пенсия. Федералияб социалияб тIадекьолеб гIарац цIунун буго. Гьелъ рес кьола пенсия 7900 гъурущалдаса гIодобе ккечIого букIине.

Исана социалияб пенсиялде унезул 7 сон стажалъул букIине ккола. Сонал анагIан цо-цо лъагIел тIаде бачIунеб буго страховияб пенсия щолезе пенсиялде ине ихтияр щвезе ккани.

ХIалтIулел ругел пенсионеразе 1 февралалдаса страховияб пенсиял цIикIкIинчIо, гьеб тадбир гьезие гьабеян бихьизабиги букIинчIо. ХIалтIулел пенсионеразе перерасчет щибаб соналъ август моцIалъ гьабула. ОПФРалде рачIарал страховиял взносазда рекъон гIуцIула нижеца гьеб хIалтIи. Перерасчет гьабураб гIарац 223 гъурущалдаса цIикIкIани, пенсионерасе гьелдаса тIадехун кьезе ихтияр кьолеб гьечIо.

**- ТIалхIат, хIалтIудаса пенсионер нахъе ун вугони, масала, 2015 соналъул ахиралда, гьесие хIалтIуда гьечIезе 1 февралалдаса 4 проценталъ цIикIкIинабураб страховияб пенсия щвезе рес бугищ?**

- 2015 соналъул 30 сентябралде гьев хIалтIудаса нахъеги ун вугони ва 2016 соналъул 31 маялде щвезегIан ОПФРалде гIарзаги бачIани, страховияб пенсия гьесул цIикIкIине буго 4 проценталъ.

**- Эбелалъул капиталалъул гIарац кьеялъулъ хиса-басиял кканищ?**

2007 соналдаса кьолеб буго кIиго ва цIикIкIун лъимер гьабурай эбелалъе эбелалъул капиталалъул сертификат. Гьедин нилъер районалда сертификат 2016 соналъул 1 январалде щвезегIан кьуна 1388 эбелалъе. Гьеб гIарацалдаса пайда босизе рес буго рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъизариялъе, лъимадуе лъай щвезабиялъе, эбелалъул пенсия цIикIкIиналъе.

Эбелалъул капиталалъул гIарацалдаса пайда босизе рес буго гьединго инвалид – лъимер бугони, гьесие хIажатаб къайи босизе, гьев сахгьавуралъухъ кьезе. Гьеб буго 2016 соналъул цIияб тIаде жубай.

Сертификат кьезе бихьизабун букIана 2016 соналъул 31 декабралде щвезегIан. Улбул роххизе ккараб хIужалъун ккола, сертификат кьолеб болжал халат бахъинабун букIин 2018 соналъул 31 декабралде щвезегIан. Гьеб соналъул 31 декабралда гьабураб лъимадуеги кьезе буго сертификат.

Цебеги эбелалъул капиталалъул гIарцуда тIаса цо хассаб бакъуд щун букIана гьеб кьеян гIарза хъварал улбузе. ХIисабалде босун буго 2015 соналъул 1 декабралде щвезегIан сертификат щваразе ОПФРалде гьаб соналъул 31 марталде щвезегIан гIарза кьурай эбелалъе 20 азарго гъурущ сертификаталда бихьизабураб гIарацалда тIаса кьезе.

Эбелалъул капиталалъул гIарцул къадар 2015 соналъулго даражаялда хутIана, исана гьеб цIикIкIинабичIо. ГьабсагIат 453026 гъурущ буго эбелалъул капиталалъул гIарцул роцен. Эбелалъул хасаб счеталде рехараб гIарацги тIаса бахъун жиндие сертификат щвараб лъимералъ 3 сон бан хадуб, щвезе рес буго сертификаталъухъ гIарац, тIадехун рехсарал мурадазе пайда босизе.

**- Пенсиялъул фондалъул отделалде бухгалтераз отчетал кьеялъулъ, страховиял взносал хIалтIи кьолез (работодатели) жидерго хIалтIухъабазул счетазде рехиялъулъ хиса-басиял кинал ругел?**

- Бухгалтераз щибаб кварталалъе кьолаан отчетал, гьаб соналъул кIиабилеб кварталалдаса байбихьун щибаб моцIиеги кьезе ккола, кварталалъеги кьезе ккола.

Страховиял взносал ракIариялъул хIалтIуде 2016 соналъ кIудияб кIвар бусси набулеб буго. ХIисаб гьабеха районалда бугеб пенсионнияб фондалъул отделалдасан нилъер районцоязе пенсия, пособие яги эбелалъул (хъизамалъул) капиталалъул кинабниги лъагIалие 530 млн. гъурущ къватIибе уна. БакIаризе тIаде ккола гьедигIанабго гIарац. Амма гIадамал хIалтIи гьечIого рукIин хIисабалдеги босун 64 млн. гIарац бакIаризе букIана 2015 соналъ. Гьеб фондалде кьолел чагIи ккола организациялъул руководитель, бухгалтер яги индивидуалияв предприниматель. Организациязул кьечIо (школа, лъималазул ахал) 1 миллион гъурущ, индивидуалиял предпринимателал руго чанго соналъ налъиги кьечIого лъутанхъула – гьезухъа бакIаризе ккола 11 миллион гъ. ХIукуматалъ бакIаричIого гьеб толаро. КигIан кIудияб заралха кквелеб районалъе, нужеца бакIарараб гIарац кьейилан районалъул пенсионерал тани. Пенсионнияб фондалде кьолел взносал руго пенсия щолезе бакIарулеб гIарац. Жидер эбел-инсуе пенсия щвезе взносал кьолел рукIин ракIалде щвезе бокьила предпринимателазда.

**- ОПФРалъ тIуразарулел цо-цо аслиял хIалтIаби рехселарищ?**

- Нижер буго лъабго направлениялъул хIалтIи.

1. Фондалде кьолел взносал ракIари ва щивав хIалтIулесул лицевой счеталда жиде-жидер взносазул къадар бихьизаби. Гьеб счеталъул номер буго СНИЛС-алда (страховияб пенсионияб свидетельство).

2. Пенсионнияб фондалдасан щивасул хIалтIуда хурхинабун гьесул взносазда рекъон заман щун, ихтияр букIун пенсиялде унесе пенсия ва цойги выплатаби кьей.

3. ТIаде рачIарал клиентал тIаде къабул гьари, гьезие консультация гьаби, гьезухъа щвалде щварал документал тIалаб гьабун, тIадехун рехсараб пенсия, пособие чIезабизе документал хIадури. Гьезго 5-6 моцIалъ цебе байбихьула документал тIалаб гьабизе, гьезул халгьабун, пенсия щолеб кьоялде хIадурун рукIин мурадалда.

**- Дагъал церегIан кьояз нужер коллектив кьабул гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас, баркана Россиялъул пенсиялъул фондалъ 25 сон тIубаялъул байрам. Кьуна районалъул бетIерасул, республикаялъул пенсиялъул фондалъул управлениялъул, Россиялъул пенсиялъул фондалъул правлениялъул рахъалдасан 7 чиясе шапакъатал. Хадурккунги жеги хIаракаталда хIалтIизе гьира базабун батила гьелъ нужер?**

- Коллектив нижер цоцалъ рекъараб буго, цоцазе кумек гьабун хIалтIула, тIадал ишал щивас гIужда тIуразе хIаракат бахъула. 2001 соналда ОПФРалде хIалтIизе рачIана райсобесалдаса Кайпасат Исланова, ХIабсат СагIадулаева, Сидрат Зугьайрова. Гьебго соналдаса нижер коллективалда руго Бика МухIамадова, МухIамад Улубиев. Хадувго хIалтIизе лъугьана Зубайир ГIабидов. Гьел руго шапакъатал щварал хIалтIухъаби Россиялъул пенсиялъул фондалъ 25 сон тIубаялъул хIурматалда.

Гьездаса нахъе ккечIого хIалтIула цогидалги: Асадула Валиев, ГIали ГIабдусамадов, Марьям ГIабдулгъаниева, ХIузаймат ХIамзатова.

Гьел лъикI хIалтIиялъул хIасил кколарищ цониги гIарза хъван гьечIолъи нижеца гьабураб хIалтIуда тIасан.

Шапакъатаз лъикIаб асар гьабичIого букIиницха. Дагъалги жавабчилъигун хIалтIуде тIаделъизе гьира бана. Райадминистрациялдеги кьабул гьарун баркиялги, гьариялги, шапакъатал кьейги коллективалъе ракIалдаса унареб ишлъун лъугьана. Дие бокьун буго нижер киназулго рахъалдасан Муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали ГIабасовичасе кIудияб баркала загьир гьабизе, нижее гьабураб ракIалдаса ине гьечIеб дандчIваялъухъ, адабалъухъ, ригIиялъухъ.

Россиялъул пенсиялъул фондалъ 25 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабизе ниж гьоболлъухъ ун рукIана Унсоколо районалъул пишацоязухъе. «Гьоболлъи» программаялда тIобитIулеб гьеб тадбиралде ансал лъикIго хIадурлъун ругоан. Гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабун тIадруссана ниж.

**- Баркала ТIалхIат, гарачIвариялъе заман батаралъухъ. ХIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи, рохел нужее киназего.**

**Гара-чIвари гьабуна**
**Къурмагьиз ХIадисовалъ**

**Россиялъул Пенсиялъул фонд гIуцIаралдаса 25 сон тIубаялъул хIурматалда шапакъатазе мустахIикълъарал**



«Россиялъул пенсиялъул фондалъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб цIар щварав пенсиялъул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул начальник **ТIалхIат Жамалудинов.**



«ПФРалъ 25 сон» ракIалде щвеялъул гIаламат щварав ОПФРалъул клиентазе хьулухъ гьабиялъул группаялъул нухмалъулев **МухIамад Улубиев**.



Районалъул бетIерасул рахъалдасан хIурматалъул грамота щварав отделалъул АСВ и ПУ (Администрирование страховых взносов и персонифицированный учет) группаялъул нухмалъулев **Зубайир ГIабидов.**



«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул хIукмуялдалъун хIурматалъул грамота кьурай отделалъул пенсия чIезабулеб группаялъул нухмалъулей **Кайпасат Исланова.**

## Россиялъул Пенсиялъул Фонд гIуцIаралдаса 25 сон тIубаялъул хIурматалда шапакъатазе мустахIикълъарал



ПФРалъул Дагъистан Республикаялда бугеб управлениялъул грамота щварай отделалъул пенсиялъул ихтияразе къимат кьеялъул рахъалъ специалист – эксперт **Бика Ибрагьимова.**



ПФРалъул Дагъистан Республикаялда бугеб Управлениялъул грамота щварай отделалъул пенсия чIезабулеб группаялъул специалист **ХIабсат СагIадулаева.**



Районалъул бетIерасул рахъалдасан хIурматалъул грамота щварай отделалъул клиентазе хъулухъ гьабиялъул группаялъул специалист – эксперт **Сидрат Зугьайрова.**



НУЖЕР ИХТИЯРАЛ

## Чанахъанлъиялъул билетал - МФЦялдасан

**Гумбет районалда бугеб «Дир документал» МФЦялъул филиалалда букIана гьелъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовасулги Дагъистан Республикаялъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул Министерствоялъул «Хасгьарун цIунулел тIабигIиял ракьазул, рухIчIаголъабазул дунялалъул, лъел сурсатазул дирекция» республикаялъул ГКУялъул Казбек районалда бугеб районазда гьоркьосеб отделалъул инспектор МухIамадрасул Сулаймановасулги дандчIвай.**

Гьениб дандбараб аслияб суаллъун букIана гIемерфункциялъулаб централдасан цогояб федералияб образецалъул чанахъанлъиялъул билет кьеялъул хIакъалъулъ. Гьеб хъулухъ МФЦялдасан гьабулеб буго «Дагъистан Республикаялда пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьариялъул гIемерфункциялъулаб центр» учреждениялъулги ДРялъул тIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул Министерствоялдаги гьоркьоб ккараб кьотIи-къаялда рекъон.

Россиялъул Федерациялда чанахъанлъиялъул билет ккола законалъ бихьизабураб къагIидаялда чанахъанлъи гьабизе ихтияр кьолеб документ. Чанахъанлъиялъул билет кьола чIобого, пачалихъияб пошлина бахъуларо.

Чанахъанлъиялъул билет босизе бокьараз районалда бугеб МФЦялъул филиалалде бачIине ккола паспорт, 2,5х3,5 роцадул 2 фотосурат.

МухIканго лъазе бокьараб гьеб хъулухъалъул хIакъалъулъ бугони, ахIизе бегьула гьаб номералде: 8(938)7778292.

**«Гумбет» РИО**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

## ЕГЭ ва цIалул программа

### Директорзабазул данделъи

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалда 27 январалда тIобитIана районалъул аслиял ва гьоркьохъел школазул директорзабазул совещание. Совещаниялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулайманов, районалъул прокурор МухIамад МухIамадов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул отделалъул участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидов.**

Совещаниялда рагьана ва бачана лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.

Совещаниялда гьоркьор лъуна: «2016 соналда цогояб пачалихъияб экзамен кьолезул база хIадури», «2015 – 2016 цIалул соналъул бащдаб лъагIалил цIалул программа ва планал тIураялъул хIакъалъулъ», «Районалъул цо-цо школазда республикаялъулал хьаравуллъиял гун халгьабиялъул хIалтIаби тIоритIи», «Гьаб цIалул соналда районалда тIоритIарал олимпиадазул хIасилал» абурал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъана лъайкьеялъул отделалъул специалист МуртазагIали Валиев. Гьес баян гьабуна цогояб пачалихъияб экзамен кьеялъе 11 классазул цIалдохъабазул база хIадурун букIин. ТIадчIей гьабуна школазул сайтал хIалтIизариялдаги. КIиабилеб ва лъабабилеб суалазда тIасан кIалъазе вахъана лъайкьеялъул отделалъул специалист **Сурхай Сурхаев**. Гьес бицана цIалул программаби тIураялъул бугеб хIалалъул, гьеб рахъалъ Килалъ (директор СагIидбег ГIузаиров), ЛъаратIа (директор Гьайирбег ХIусенов) школазда лъикIаб хIал батиялъул, МелъелтIа, ТIад Инхо, Игьали школазда физика ва ингилис мацI предметал малъиялъул бугеб хIалалъул халгьабизе букIиналъул.

Районалда тIоритIарал олимпиадазул ккарал хIасилазул бицана лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул нухмалъулев **Заийд ХIусеновас.**

КIалъазе вахъарав райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас тIадчIей гьабуна киналго школазул нухмалъулел социалиял сайтазда гIахьаллъизе, лъайкьеялъул учреждениязул хIалтIул качественнияб рахъ борхизабизе ва школазул нухмалъулезул аттестация гьабизе ккеялда.

Районалъул прокурор МухIамад МухIамадовас бицана лъайкьеялъул учреждениязул уставал законалъул тIалабазда рекъон гIуцIизе ккеялъул. КIвар буссинабуна захIматалъул кодексалъул тIалабал цIуниялде.

Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул отделалъул участковиял уполномоченниязул нухмалъулев УхIумагIали Загьидовас тIадчIей гьабуна лъайкьеялъул учреждениял терроризмалдаса цIуниялъе тIадеги тадбирал гIуцIизе ккеялда.

Лъайгун тарбиякьеялъул, республикаялъулал конкурсазда гIахьаллъизе ккеялъул суалазда хурхун кIалъазе рахъана лъайкьеялъул отделалъул специалист **Загьра ГIабдулаева**, ИМЦялъул методист **ГIабдула МухIамадов ва** цогидалги.

**ГIайшат Исламбиева**

НИЛЪ - БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ.
РАГЪУХЪАБИ-ИНТЕРНАЦИОНАЛИСТАЗУЛ КЪОЯЛДЕ.

### Закаряев ГIумархIажи МухIамадович

**Афгъанистаналда рукIарал рагъулал тункагIусиязул гIахьалчи (1981-1983).**

Гьавуна 1961 соналъул 29 ноябралъ Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ.

Буйнакскиялъул №8 гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, 1981 соналъ, ВатIаналъул тIадаб налъи тIубазабизе Советияб Армиялде ана.

Орджоникидзе шагьаралда хехаб рагъулаб хIадурлъиялъул болжал лъугIун хадув хъулухъ гьабизе ккана Афгъанистаналда букIараб 101 абилеб МТПялда.



ГIахьаллъи гьабуна Баграм, Герат, Шендант, Кундуз шагьаразда сверухъ ккарал рагъулал операциязулъ.

Афгъанистаналда интернационалияб налъи тIубазабулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло руго хIукуматалъул рахъалдасан щварал шапакъаталги.

ВатIаналъул тIалаб – тIадаб налъи тIубан хадув тIадвуссана гIагараб росулъе.

ГIумру гьабун вуго МахIачхъала шагьаралда.

### Зубайров ГIумар МухIамадович

**Гьавуна 1960 соналъул 17 февралалъ Аргъвани росулъ.**

1977 соналъ Аргъвани росдал гьоркьохъеб школа лъугIизабуна лъикIал къиматазда.

1979 соналъ, ВатIаналъул тIадаб налъи тIубазабизе Советияб Армиялде ана. Хъулухъ гьабуна Афгъанистаналда букIараб Советиял аскаразул гIорхьи чIвараб рагъулаб контингенталда гьоркьобе унеб, Витебскиялъул десанталъул дивизиялъул, 350 абилеб полкалда.



ГIахьаллъи гьабуна Кабулалда сверухъ ккарал рагъулал тунка-гIусиязулъ. МустахIикълъана «За боевые заслуги» медалалъе.

1981 соналъ, интернационалияб налъиги Афгъанистаналда тIубан, гIагараб Аргъвани росулъе тIадвуссана.

Ракълилаб заманалда ГIумар мустахIикълъана «Дагъистаналъул мустахIикъав бакIал ралев чи» абураб цIаралъе.

**Багьавудин МухIамадов**

## ВатIан гьитIинасе, гьунар тIокIасе
## ТIолго улкабазул баркала щвана

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** лъайкьеялъул отделалъул МугIрузул округалда вугев нухмалъулев **ХIасан-хIажи МухIамадовас**, Цияб Аргъвани росдал имам **ХIажи Иналовас**, МелъелтIа аслияб школалъул тарих гIелмуялъул мугIалим **Рамазан ГIабдурахIмановас**, ЧIиркьатIа росдал имам **ЖабрагIил-хIажи ХIусеновас** ва цогидазги. Поэт, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ГIиса Шарапудиновас Шамилиде, АхIулгохI цIуниялде гьарурал кучIдул рекIехъе рикIкIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 8-9 классазул цIалдохъаби Мадина Аххубеговалъ ва Чакар ГIалибеговалъ.

Нашидал ахIана «Савтуль ислам», «Наследие» къокъабаз. Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул кIудияб зал гIодор чIезе бакI гьечIого, рахъун чIарал гIадамазулги цIун букIана.

Баянаб букIахъе, Кавказалъул имам, шайих Шамил Мадина шагьаралда накълулъана 1871 соналъул 4 февралалда ва вукьана БакъигIазул хабалалъ МухIаммад аварагасул (с. т. гI. в.) имгIал ГIаббасида аскIов. 2016 соналъ 145 сон тIубала имам Шамил накълулъаралдаса ва 219 сон гьев гьавуралдаса.

**«Гумбет» РИО**

МАЛЪАРАБ БОСУЛЕЛ ЛЪУГЪАГИЙИЛА

# Тарбия кьола тарбия щварав чияс

**БачIун буго заман гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ гъваридгоги, ракI унтунги хIаракат бахъизе кколеб. Гьелда хурхун хIукуматалъул гIемерал хIукмабиги руго. Тарбия кьеялда нахъа рукIине ккола жидеего тарбия щварал жавабиял гIадамал. Дагъал гьечIо дандеруссинал, семинарал, мажлисал гIадамасе тарбия кьеялъул суалалгун тIоритIулел. Нилъер районалдаги гьеб суалалда хурхун рукIана дандеруссинал. Щибаб санайил тарбия кьеялъул рахьалъ школалъул директорзабазул заместителазул рукIуна 2-3 нухалда семинарал. Гьез дагъабниги хайир кьечIогоги толаро. Щивас хIаракат бахъизе ккола дандеруссиналдасан, мажлисалдасан жиндиего цо кинаб букIаниги пайдаяб цIияб жо босизе. Инсанас, хасго мугIалимзабаз, гьеб пайда босулеб гьечIони, чиясул пикру ва лъай чIараб лъим гIадин махIцуна. ХIаракат бахъизе ккола жиндаго тIад хIалтIун, жиндирго лъай борхизабизе. Гьединан гIуцIун рукIуна дол тIоритIулел семинаралги, собраниялги.**

Директорзабазул заместителазул иргадулаб дандеруссин тIобитIана ЦIияб Аргъвани школалда. Гьеб иш гIуцIиялъе жигараб хIалтIи гьабуна лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъан Загьра ГIабдулаевалъ. Гьей йиго тарбия щварай, хьвадизе лъалей, лъай бугей хIалтIухъан. Дун ва цадахъ рукIарал цIакъ разиго руссана ЦIияб Аргъваниб тIобитIараб семинаралдаса. Гьенир рагьана жакъасеб кьоялда хурхарал тарбия кьеялъул суалал.

Дица, цебе абухъе, тарбия кьола тарбия щварав чияс. Щивав мугIалимас, тарбиячияс, цебехъанас жиндирго мисалалда рагьизе ккола лъималазе ва гIолилазе гьумер. ГIемер соназ гьабулеб буго дица гьеб семинаралъе нухмалъи. ДандчIвала гIемер гIолелги гIоларелги рахьал. МагIишаталъул рахъалъ гьарзаяб заман бачIаниги, адабалъул рахьалъ дагьаб мукъсанлъи кколеб бугин ккола дида гIолеб гIелалъул. Гьединлъидалин нилъ раккизе кколел умумузул тарихалдеги гьезул адабияталдеги. Гьелдаса кIудияб масъала букIунаро гIолев чи куцаялъе ва гьесие тарбия кьеялъе. Гьелъ нилъ, чIахIиял, цIакъ гъваридго битIун балагьизе ккола тарбия кьеялъул ишалде ва гьеб гIуцIиялдеги.

Гьединан лъан, пикру щвезабун гIуцIун буго тарбия кьеялъул иш ЦIияб Аргъваниб школалда Маржанат ГIалиевалъ. Дие бокьана гьелъул тарбия кьеялде бугеб бербалагьи. Гьениб борхараб суалалда тIасан школалъул лъималаз гIуцIун ругоан церерахъиналги. Умумузул ирсалда, гьезул адабиталда лъимал куцай – гьеб бищун кIудияб алат буго тарбиячиясда кодоб бугеб. Лъималаз сагIатгун бащадалъ гIуцIана, рагъул ва тарихалъул темабазда тIасан церерахъинал. Гьединал церерахъиназ, ракIалде щвеяз куцала гIун бачIунеб гIел лъикIлъиялде. ХIикматаб асар щвана, унго-унголъунги, лъималазул церерахъиназги, гьез цере чIезарурал рагъул сипатазги. Дица абуна гьединаб гIолеб гIел букIун хадуб умумузул тарих кидаго кIоченарин абун. Эргъвен, хIакъикъаталдаги, рукIун руго бахчараб, балъгояб гьунаралъул чагIи. Киназдаго рекIелъ хутIана 10 классалъул цIалдохъан **ПатIимат ГIумаровалъул** цее яхьин. Гьелъ цо-цо роль хIалеб мехалда ракIалде кколеб букIана унго гьай гьитIинай гIадамалъул бажариги жигарги абун.

Гьелъул лебалльиги бажариги бихьарав дида ракIалде щвана АхIулгохIда ягъулей йикIарай Аргъваниса Паридал къисмат. Гьединай йикIун ятилин дой Паридагиян ккезе бачIана. ЧIухIана, разильана лъималазул гьунаралдасаги, ракIалде щвезарияздаса. Баркала гьезул коллективалъе, цIалдохъабазе.

КватIичIого къватIибе бачIине бугеб дирго Аргъваниб ккараб рагъул хIакъалъулъ тIехьалда буго гьей Паридал хIакъалъулъ хьвараб къиссаги. РакIалде ккола гьей цIалдохъаналъ Паридал рольги хIан, гьеб сценаялда лъелин абун. Гьеб букIина гьезие дир рахьалъан сайгъат. Дица гьезие тIахьал щолеб хIалги гIуцIила.

Адабгун, дирго пикру загьир гьабун, семинаралъул руководитель

**Дагъистаналъул мустахIикъав учитель ГIиса Шарапудинов**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# ТIехь – махлукъат рагъулеб хIикмат

**3 февралалъ районалъул централизованнияб библиотекаялда тIобитIана иргадулаб семинар-совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул росабазул библиотекабазул нухмалъулез, культураялъул, физическияб культураялъул, гIолилазул политикаялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIумардибировас.**



Семинар рагьана районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ.**

Гьоркьоре росарал суалал рукIана

2015 соналъ районалъул библиотекабазул хIалтIул хIасилал.

2016 соналъ библиотекабазул хIалтIи гIуцIиялъул, хIалтIулъ цIиял къагIидаби хIалтIизариялъул хIакъалъулъ.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ. Гьелъ бицана росабазул библиотекабазул хIалтIул бугеб хIал, рехсана планал рахъулаго, отчетал кьолаго библиотекараз гIунгутIаби ричалел ругилан. МелъелтIа ва Килалъ росабазул библиотекабазда гурони букIине кколеб хIалалда планал рахъулел гьечIолъиялда, цебесеб соналде дандеккун 2015 соналъ библиотекабазул хIалтIи гIезегIанго лъикIлъанин, амма тIоритIарал тадбиразул хIакъалъулъ сайталда лъей рукIалиде ккун гьечIолъиги баян гьабуна.

Хадув кIалъазе вахьарав МухIамад ГIумардибировас абуна сайталда материал лъей лъикI гIуцIизе ккелин ва ЦБСалъул методотделалда лъазабуна росабазул библиотекабазул щибаб моцIил хIалтIул хIасилал гьареян букIине кколеб хIалалъ.

Семинаралда лъазе гьабуна «ЛъагIалил библиотекарь» къецал тIолгороссиялъул библиотекабазул кьоялде тIоритIизе рукIиналъул хIакъалъулъ.

**Исрапил Заирбегов**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## Администрация сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» объявляет аукцион по реализации:

**1. права аренды на 5 лет земельного участка земли населенных пунктов с кадастровым № 05:25:00 00 37:71, расположенного по адресу: Гумбетовский район, с. Цунди-Шабдух, площадью 50 000 кв.м., с видом разрешенного использования для сельскохозяйственного назначения, рыночная стоимость права заключения договора аренды на 5 лет - 14 0000 рублей (далее - Участок).**

Форма подачи предложений о цене - открытая. Срок принятия решения об отказе в проведении торгов - 2 недели с момента опубликования настоящего объявления.

Организатор торгов администрация сельского поселения - «Сельсовет “Цунди- Шабдухский”».

Заявки для участия в торгах подаются в комиссию по земельным торгам с. Цунди- Шабдух, Гумбетовский район, здание администрации, в кабинете главы администрации с 09.00 до 17.00 и в срок с 08.02.2016 г. по 09.03.2016 г.

Для участия в торгах претенденты представляют заявку с приложением платежного документа с отметкой банка об исполнении, подтверждающее внесение задатка, а также следующую документацию.

Юридические лица: копию устава, копию свидетельства о постановке на налоговый учет, копию свидетельства о регистрации юридического лица, копию выписки из единого государственного реестра юридических лиц.

Физические лица: копию паспорта, копию свидетельства о постановке на налоговый учет, копию свидетельства о регистрации предпринимателя (для индивидуальных предпринимателей).

Задаток для участия в аукционе устанавливается в размере 20 процентов начальной цены и вносится полностью на счет администрации сельского поселения «Сельсовет “Цунди- Шабдухский”» с 09.00 до 17.00 и в срок с 08.02.2016 г. по 09.03.2016 г. Реквизиты для перечисления задатка: получатель - администрация сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»

ИНН - 00509005820

КПП - 050901001

р/сч 40101810600000010021

ГРКЦ НБ Респ. Дагестан, банка России, г. Махачкала

БИК: 048209001

Назначение платежа 001 1 11 05025 05 0000 120

ОКАТО: 82215875001

или наличными в кассу бухгалтерии администрации сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”».

Шаг аукциона - 5% от начальной цены земельного участка.

Определение участников торгов состоится 09.03.2016 г. в 14.00. в кабинете главы администрации. Участниками аукциона признаются претенденты, представившие полный перечень документации, указанный в настоящем объявлении. Аукцион проводится 09.03.2016 г. в 15.00 ч. в кабинете главы администрации. Победителем аукциона признается участник, номер билета которого назван последним.

За дополнительной информацией об условиях аукциона обращаться по адресу: с. Цунди- Шабдух, Гумбетовский район, по тел. : 8 928 676 11 01 – Набигулаев Ахмед Набигулаевич, глава АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”».

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кьурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.